



## **Lè Yo Deklare Ou Koupab Vyolasyon Pa “Defo”**

**Kisa Sa Vie Di Lè Ou An “Defo/An Vyolasyon Pa Defo?”** Devan chak sitasyon gen yon *dat odyans*. Lè yon Moun ki An Kòz, oswa prepezantan Moun ki An Kòz la, pa vini nan odyans la oswa lè li deklare tèt li koupab/rive a yon antant/tonbe dakò davans, alòs y ap otomatikman deklare Moun ki An Kòz la An Vyolasyon pa Defo.

**Kisa Penalite A Ye pou Defo?** Penalite apre yon Jijman Defo depann de ki akizasyon vyolasyon ki genyen nan asiyasyon an. Men, yon penalite pou defo souvan 2-3 fwa pi wo pase penalite nòminal la.

**Kisa Mwen Ka Fè Si Mwen Resevwa Yon Jijman Ki Di Mwen An Defo?** Ou ka swa 1) Peye penalite defo a ak tout penalite, frè, oswa enterè anplis yo enpoze ou; swa 2) Ou ka mande pou yo re-ouvè odyans ou te rate a, sa depann de ka a.

**Kijan Mwen Ka Mande Pou Yo Re-Ouvè Yon Odyans Mwen Te Rate?** Ou ka depoze yon fòmilè demann “Request for a New Hearing After A Failure to Appear” (Demann pou yon Lòt Odyans Lè yon Moun ki An Kòz Pa T Vini) sou entènèt sou sit OATH la, pa lapòs nòminal, oswa an pèsonn nan nenpòt lokal OATH.

**Si Mwen Mande Pou Re-Ouvè yon Odyans Mwen Te Rate, Èske OATH Ap Aksepte Demann Mwen An?** Sa depann de depi konbyen tan sitasyon an nan estati defo ak de rezon ki te fè ou te rate odyans la. Règ pwosedi OATH yo pèmèt pou odyans kote moun ki an kòz la te an defo re-ouvè konsa:

- 1) Pou yon 1<sup>ye</sup> Demann pou Re-Ouvè yon Odyans apre Defo, si demann nan fèt anvan yon delè 75 jou apati de dat Jijman Defo a, y ap *otomatikman* aksepte demann nan.
- 2) Pou yon 1<sup>ye</sup> Demann pou Re-Ouvè yon Odyans apre Defo, si demann nan fèt plis pase 75 jou apre dat Jijman Defo a, demann nan dwe ofri yon "eskiz rezonab" kòm rezon ki fè ou te rate odyans la. OATH ap deside si wi ou non eskiz la rezonab, baze sou yon kantite faktè ki detaye nan règ pwosedi yo.
- 3) Pou yon 1<sup>ye</sup> Demann pou Re-Ouvè yon Odyans apre Defo, si demann nan fèt plis pase yon lane apre dat Jijman Defo a, oswa si se yon 2<sup>yèm</sup> demann, ou dwe bay prèv se “sikonstans eksepsyonèl” ki te fè ou rate odyans la epi montre kijan yon refi demann ou an t ap lakòz yon enjistis.

**Si Mwen Mande Pou Re-Ouvè yon Odyans Mwen Te Rate, Kilè M Ap Konn Rezilta A?** Yon desizyon re-ouvè yon odyans ou te rate ka pran jiska sis (6) semèn. Y ap voye desizyon an bay demandè a pa lapòs nòminal. OATH gen dwa mande plis enfòmasyon tou pou detèmine si demandè a nan pozisyon pou li fè demann nan.

**E Si OATH Aksepte Ban Mwen Yon Lòt Odyans?** Si OATH aksepte demann ou an, y ap pwograme yon nouvo dat odyans epi y ap wete penalite pou defo a. Y ap voye nouvo dat odyans la, ak enstriksyon sou kijan pou w patisipe nan odyans la, pa lapòs nòminal.

**Èske Mwen Ka Depoze Demann Mwen An Nan Yon Lang Ki Pa Anglè?** Wi. Ou ka depoze fòmilè demann lan nan lang ou santi ou pi alèz ladan an. Fòmilè sou entènèt OATH la ka tradui nan anpil lang.

**Èske Mwen Ka Mete Prèv Ansanm Ak Demann Mwen An?** Wi, ou ka fè sa. Ou te mèt ekri yon eksplikasyon detaye tou sou rezon ki fè ou te rate odyans la sou yon fèy papyè separe epi tache li ak demann ou an, ansanm ak tout dokiman dapui yo.

**E Si Yo Refize Demann Mwen An?** Refi re-ouvè yon odyans moun ki an kòz la te rate se detèminasyon final ajans la epi ou pa ka fè apèl li nan OATH. Si yo refize yon demann, alòs penalite pou defo yo te bay yo ap rete la jiskaske yo peye/satisfè. Si ou pa dakò ak desizyon OATH la sou yon demann pou re-ouvè yon odyans ou te rate, ou te mèt chèche yon egzamen jiridik nan kad Atik 78 Lwa ak Règ sou Pratik Sivil New York la (New York Civil Practice Law and Rules) nan Lakou Siprèm Eta New York la.